



Pou Piblikasyon Imedya: 02/10/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ A SIYEN LWA POU ELAJI AKSÈ SWEN SANTE EPI SIPÒTE SANTE MATÈNÈL**

***Lwa S.201/A.2656 pèmèt fanm ansent yo enskri nan règleman asirans sante san penalite***

***Lwa S.1965-A/A.3865-A egzije kèk konpayi asirans sante pou bay kouvèti pou vitamin prenatal***

***Lwa S.6674-A/A.7790-A elaji egzijans kouvèti asirans pou lèt donatè moun***

***New York alatèt nasyon an avèk premye règleman sou konje peye pou prenatal ki anvigè 1ye janvyè***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen lwa pou elaji kouvèti pou sante fanm pandan ak apre gwosès la. Siyati pwojè lwa sa a devlope sou angajman Gouvènè Hochul pran pou sipòte sante matènèl, tankou garanti premye konje prenatal peye nasyon an, elaji aksè a sèvis fanm saj, epi rann swen prenatal yo pi abòdab pou Nouyòkè yo.

"Nou franchi yon lòt etap enpòtan pou asire ke chak manman ansent nan eta nou an gen aksè a swen sante san obstak oswa reta," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lwa sa a pran angajman pou fè New York yon lidè nan swen sante matènèl epi bay fanmi yo sipò yo merite."

Lwa S.201/A2656 pèmèt fanm ansent yo enskri nan règleman asirans sante nenpòt moman san penalite. Lwa an entèdi òganizasyon komèsyal antretyen sante yo peye frè pou enskripsyon espesyal akòz gwosès.

**Senatè Eta Cordell Cleare, te deklare,** "Pwojè lwa mwen an reprezante yon etap enpòtan pou amelyore sante matènèl lè li asire moun ki ansent yo ka jwenn asirans sante san penalite. Elimine obstak pou enskripsyon, bay fanm yo otonomi pou yo priyore sante ak byennèt yo pandan peryòd enpòtan sa a, esansyèl pou rezilta gwosès pozitif yo. Mwen kontan dèske Sena a ak Asanble a te apwouve lwa sa a inanimite, e ke gouvènè a ap siyen li."

**Manm Asanble Latrice M. Walker te deklare,** "Mwen se fyète pwomotè A.2656 nan Asanble a, ki pral pèmèt fanm ansent yo enskri nenpòt moman nan echanj sante eta san penalite. Siyen lwa sa a enpòtan pou mwen antanke manman e li voye yon mesaj klè bay tout Nouyòkè ke eta a angaje l pou l konbat ogmantasyon pousantaj mòtalite nan Etazini, espesyalman pami fanm Nwa yo. Mwen remèsye kòlèg mwen yo ak Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip yo nan efò pou amelyore rezilta matènèl nan Eta New York. Gwosès se yon moman lajwa ak otimis, pa pou enkyetid sou aksè nan swen sante."

Lwa S.1965-A/A.3865-A egzije asirè komèsyal sante nan Eta New York pou kouvri vitamin prenatal lè yon pwofesyonèl swen sante preskri li.

**Senatè Eta Joseph P. Addabbo Jr. te deklare,** "Lwa sa a se yon mezi enpòtan ki asire vitamin prenatal yo kouvri konpayi asirans sante komèsyal yo, ki bay sipò enpòtan pou manman ansent. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul dèske li ede m siyen pwojè lwa sa a, ki pral kenbe New York kòm yon lidè nan swen sante matènèl, fè pwogrè konsiderab pou amelyore aksè epi abòdab pou tout fanmi yo. Ansanm, nou ka kreye yon lavni ki pi an sante pou timoun nou yo epi sipòte byennèt manman yo atravè eta nou an."

**Manm Asanble, Aileen M. Gunther, te deklare,** "Pwojè lwa sa a mete aksan sou yon pwèn enpòtan nan peryòd mwen kòm yon ofisyèl eli: amelyore swen sante fanm yo. Se yon objektif mwen te fikse depi lè m t ap travay kòm yon enfimyè. Pwojè lwa sa a, egzije konpayi asirans sante komèsyal nan New York pou kouvri vitamin prenatal yo, montre ke kòlèg tou de chanm lejislatif mwen yo ak Gouvènè a pataje priyorite sa a. Nèf mwa avan nesans yon timoun enpòtan pou fanmi yo, epi antanke yon eta, nou ta dwe asire ke manman ak fanmi yo gen resous yo bezwen yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou sipò li nan adopsyon lwa sa a, e mwen espere ke nou kontinye priyore swen sante matènèl pou chak fanmi ka konnen benediksyon nan gen yon timoun."

Lwa S.6674-A/A.7790-A elaji egzijans kouvèti asirans pou lèt donatè moun nan etablisman anbilatwa.

**Senatè Eta Brad Hoylman-Sigal te deklare,** "Nouvo paran yo, an patikilye sa yo ki gen timoun ki fèt prematire, fè fas ak ase difikilte konsa, aksè nan lèt tete pou kenbe pitit yo an sante ta dwe dènye nan enkyetid yo. Malerezman se pa sa kounye a epi se poutèt sa Manm Asanble Solages ak mwen te adopte pwojè lwa pou elaji egzijans kouvèti asirans pou lèt donatè moun epi retire egzijans pou kouvèti sèlman pandan itilizasyon pasyan ki entènè (S.6674A). Kèlkeswa se manman ki gen difikilte pou bay tete oswa koup menm sèks, tankou mari m David ak mwen, ki pa kapab tradisyonèlman bay pitit tete, tout paran ta dwe kapab bay pitit yo eleman nitritif yo bezwen san yo pa bezwen enkyete konsènan pri a. Mwen rekonesan anvè Lidè Majorite Stewart-Cousins paske li toujou priyore sante timoun nou yo ak Gouvènè Hochul paske li te respekte repitasyon li kòm premye Manman Gouvènè New York e li te siyen pwojè lwa sa a."

**Manm Asanble Michaelle Solages te deklare,** "Mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul dèske li te siyen lwa enpòtan sa a, pou asire fanmi yo atravè New York gen aksè a resous pou sove lavi tankou lèt donatè moun. Pandan n ap avanse efò nou pou konbat mòtalite tibebe ak amelyore sante matènèl, elaji kouvèti asirans pou lèt donatè se yon etap enpòtan. Lwa sa a garanti tibebe ki fèk fèt vilnerab yo, espesyalman moun ki nan swen entansif neyonal, resevwa nitrisyon esansyèl yo bezwen. Ansanm, n ap bati sou pwogrè ki fèt pou adrese diferans ki genyen nan swen tibebe epi bay chak timoun kòmansman ki pi an sante posib."

Gouvènè Hochul siyen lwa sa a ki baze sou angajman eta a nan swen sante matènèl. New York kounya se premye eta nan nasyon an ki kreye [yon pwogram konje fanmi peye pou swen prenatal](#). Anba lidèchip Gouvènè Hochul la, New York te rann swen prenatal pi abòdab pou plis pase yon milyon rezidan ki gen ti revni [lè li te elimine depans ki soti nan pòch yo](#) pou sèten benefis ki gen rapò ak gwosès pou Nouyòkè yo nan Plan Esansyèl oswa Plan Sante Kalifye yo. Gouvènè Hochul te mande Komisè Sante Eta a Doktè James McDonald [pou l bay yon lòd ki pral elaji aksè a sèvis fanm saj](#) ki nesèsè pou paran ki akouche yo atravè eta a. Lòd pèmanan an te pibliye 10 jen 2024.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)